

KI SA POU MWEN FÉ SI ADMINISTRASYON SOSYAL SEKIRITE REFIZE MWEN BENEFIS APRÉ ON JIJMAN?

Si ou te resevwa on desizyon ke ou pa satisfé avék desizyon sa-a ki sot nan jij Administrasyon Sosyal Sekirite (SSA) a, ou gen dwa pou ou fé apél a desizyon an.

KOUMAN POU MWEN FÉ APÉL A DESIZYON ON JIJ?

Ou ka fé apél a on desizyon nan Biro “Disability Adjudication and Review” ki nan lokalite ou a nan on lòt seksyon ki rele SSA ki rele “Appeals Council.” Si ou mande, “Appeals Council” desizyon an pou li wé si li kòrék. Si li decide ke Biro lokal “Office of Disability Adjudication and Review” an te fé eré, li pral chanje desizyon an pou li ran-n youn ki vin kòrék.

Ou dwe voye on Deman-n Revizyon Jij ki nan lokalite a nan 60 jou kòmanse nan dat desizyon an te pran-an. Ou fé sa lé ou voye on fòm atache a dokiman nan biro SSA ki nan lokalite ou a.

Ou dwe poste on fotokopi Deman-n lan tou pou Revizyon pa lét sètifye adrese a “Appeals Council” dirékteman. Asire ou ke ou kenbe resi vét la pou prév ke ou te fé apél ou. Attache nan dokiman sa-a gen on echantiyon lét ke ou ka itilize pou ou voye bay “Appeals Council” la avék Deman-n Revizyon an. Lét la mande “Appeals Council” yo pou voye dosye ekzibisyon epi kasét jijman pou ou. Enfòmasyon sa-a pral itil si ou jwen on avoka ki pou ede ou avék ka ou a.

KIJAN MWEN KA JWEN ON AVOKA KI POU EDE MWEN?

Si ou vle lòt kalite konséy legal sou problém sa-a, ou ka verifye nan paj jon-n nan liv telefòn-n pou ou ka jwen nom on avoka prive. Nou rekòmande ou tou verifye ak zanmi ou epi fanmiy ou pou nom avoka ke yo te ka rekòmande ou.

Finalman, ou ka kontakte “Miami-Dade Lawyer Referral Service” nan (305) 350-5297 epi ou ka mande pou on avoka a pri redwi ki nan program “Low Cost Panel” lan. Ou dwe peye \$25.00 an advans pou ou ka jwen on referal pou on avoka. Tanpri rele nimerò telefòn-n yo pou plis enfòmasyon konséjan sévis sa-a.

KOMBYEN TAN APÉL LA PRAL PRAN?

Konnye a, “Appeals Council” la pran 18 rive 24 mwa pou revize apél la. A koz de sa, ou ka vle fé on nouvo aplikasyon pou benefis SSA. Sa pa ta dwe afekte apél ou a epi li ka proteje nimpòt benefis aktyél pou ki sa ou ka elijib.

Dat

Appeals Council
Office of Disability Adjudication and Review
5107 Leesburg Pike
Falls Church, VA 22041-3255

Re:
SSN

Ché Man-m "Appeals Council:"

Nan ka ki refere an lé lét sa-a te gen on desizyon ki pa favorab ki te ran-n pa Jij Lwa Administratif la le . Mwen pa dakò a desizyon an epi alò mwen mande pou ou revize desizyon sa-a a lé pou mwen.

Tanpri voye on fotokopi ekzibisyon dosye epi kasét jijman epi pémét mwen 45 jou kòmanse nan dat lét sa-a te poste a pou revizyon an pou mwen ka jwen reprezantasyon legal epi voye komanté pa ekri epi plis prév.

Mési pou koperasyon ou nan problém sa-a.

Tré Senséman,

Demandé/Claimant

Street address & Apt No.

City, State & Zip Code

Area Code & Phone #